# اَيْ لٜيرَلْ بِ وٚلُّ مبِنْدِنْ وِ

يٜگّ نَ، گٛخْ بُ نٜکّ اَمْ نَ نُ مُ بِنْدٜ وٛلٛفَلْ. لٜيگِ نَگْ نگُورُ سٜنٜگَالْ دَ نٛو بٚگّ جٜپّلٜ، نگِرْ گٛخْ يٜپّ بٛکّ وٜنّ مبِنْدِنْ، نگِرْ لُ ݧُ بِندّ اَکْ فُ مُ مَنَ دٛونْ بِ سٜنٜگَالْ، ݧٜپّ مَنْ کٛو جࣹنگّ. تٚرَلِنُ نگُورْ گِ لَنُ تٛپّ بِ تٜيرٜ بِ، نگِرْ گٚنَ جٚمَلٜ کَنَمْ نجࣹنگُمْ وٛلٛفَلْ بِ بِيرْ رٜيوْ مِ. لِ نُ بٚگَّ لِمْ فِي مٛويْ اَرَفْ يِ ݧُيْ جٚفَنْدِکٛو تٜيْ، نُ بٚگّ لٜينَ مٜنگَلٜ اَکْ لِ ݧُ دَانْ جٚفَنْدِکٛو بِ گَنَّاوْ، نگِرْ دٜگِّنْ وِ لٜيرْ، بَ دٜيسُ کٛو جَاوَلٜ. لِ گٚنَ بَرٜ بِ اَرَفْ يِ نُ بِندّ بِ تٜيرٜ بِ، بٜنّ لَ اَکْ لِ ݧُ فَرَلْ دِ گِسْ فِي بِ سٜنٜگَالْ. وَايٜ اَمْ نَ اَيْ اَرَفْ يُ وُوتٜ اَکْ لِ ݧُ مِينْ.

بَاتْ بُ مٜلْ نِ «ݖَابِ» ، يَگّ نَݧُ کٛو بِنْدٜ «چَابِ»؛ ݧٜنٜينْ دِ کٛ بِنْدٜ نِي «شَابِ». لٜيگِ، نگُورْ گِ اَرَفْ وِي لَ تَنّ، «ݖ»، مُ وُوتُ اَرَفْ يُ جٚکّ بِ بَاتْ بٛوبُ، نگِرْ ݧٜپّ بٛکّ وٜنّ مبِنْدِنْ: «ݖَابِ». وُوتٜ نَ،

# Ay leeral ci wàllu mbindin wi

Yàgg na, gox bu nekk am na nu mu binde Wolofal. Léegi nag, nguuru Senegaal da noo bëgg jàpple, ngir gox yépp bokk wenn mbindin, ngir lu ñu bind ak fu mu mana doon ci Senegaal, ñépp man koo jàng. Tëralinu nguur gi lanu topp ci téere bi, ngir gëna jëmale kanam njàngum Wolofal ci biir réew mi. Li nu bëgga lim fii mooy araf yi ñuy jëfandikoo tey, nu bëgg leena méngale ak li ñu daan jëfandikoo ci gannaaw, ngir déggin wi leer, ba deesu koo jaawale. Li gëna bare ci araf yi nu bind ci téere bi, benn la ak li ñu faral di gis fii ci Senegaal. Waaye am na ay araf yu wuute ak li ñu miin.

Baat bu mel ni « caabi » , yàgg nañu koo binde « jaabi »; ñeneen di ko binde nii: « saabi ». Léegi, nguur gi araf wii la tànn, « c », mu wuutu araf yu jëkk ci baat boobu, ngir ñépp bokk wenn mbindin: « caabi ». Wuute na, waaye dinga ko gaawa miin, te bu nu bokkee wenn mbindin, dina nu jàpple ci Senegaal.

Ci xët yi topp, dingeen gis araf yépp, ak ay leeral ci wetu araf yu bees yi, ngir jàpple leen ci rààñee araf yu bees yi ak araf yu jëkk yi.

| Araf yu jëkk yi | Waxi misaal | Baati misaal | Araf yi |
|---|---|---|---|
| | | baax | b |
| چ ش | Sama caabi laa ubbee bunt bi. | caabi  | c |
| ض | Boo demee ci biti, solal say dàll | dàll  | d |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ڢ | Yóbbu naa sama fas ci tool bi. | fas  | f |
| غ ڬ | Maa ngi toog ci keru garab gi. | garab  | g |
| | | ahakaay | h |
| | | jaay | j |
| | | kaani | k |
| | | liir | l |
| | | laaj | laa |
| | | malaaka | m |
| ٻ | Sama xar dafay jur am mbote at mu nekk. | mbote  | mb |
| | | fomp | mp |
| ں | Sama dooma ngi sàmmi samay nag. | nag  | n |

وَاي دِنگَ کٛ گَاوَ مِينْ، ݒ ٻُ نُ ٻَکّٛي وِنّ مبِنْدِنْ،
دِنَ نُ جٛيّلِ ٻِ سِنگَالْ.
ٻِ خُتْ يِ ثٻّ، دِنگِينْ گِسْ اَرَفْ يِپّ، اَکْ اَيْ لِيرَلْ
ٻِ وِتُ اَرَفْ يُ ہِيسْ يِ، نگِرْ جٛيّلِ لِينْ ٻِ زَنّي اَرَفْ
يُ ہِيسْ يِ اَکْ اَرَفْ يُ جٛکّ يَ.

| اَرَفْ يِ | بَاتِ مِسَالْ | وَخِ مِسَالْ | اَرَفْ يُ جٛکّ يِ |
|---|---|---|---|
| ب | بَاخْ | | |
| ݒ | ݒَابِ  | سَمَ ݒَابِ لاَ اُبّي بُنتّ بِ. | چ ش |
| د | ڎلّ  | ٻو دِمِي ٻِ بِتِ، شَلَلْ سَيْ ڎلّ. | ض |
| ف | فَسْ  | يُٻّ نَا سَمَ فَسْ ݒَ ثولْ ٻَ. | ڢ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| غ<br>ڠ | مَا نگِ ٿوگْ بِ ۂِرُ<br>گَرَبْ گِ. | گَرَبْ<br> | گ |
| | | اَهَكَاىْ | ه |
| | | جَاىْ | ج |
| | | كَانِ | ک |
| | | لِيرْ | ل |
| | | لَاجْ | لا |
| | | مَلَاكَ | م |
| ٻ | سَمَ خَرْ دَفَيْ جُرْ اَمْ<br>مبٜتِ اَتْ مُ ۂكّ. | مبٜتِ<br> | مب |
| | | ڤمپّ | مپ |
| ں | سَمَ ڎومَ نگِ سَمِّ<br>سَمَيْ نگْ. | نَگْ<br> | ن |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ڊ | Ndox mu sedda ngi ci<br>ndaa li. | ndaa<br> | nd |
| ڠ | Soxna si am na doom,<br>ngénte li gannaaw<br>suba la. | ngénte<br> | ng |
| ج | Yal na nu Yàlla aar ci<br>njéeréer yi ren. | njéeréer<br> | nj |
| | | janq | nq |
| ڃ<br>ڄ | Fàww ma dolli fukki sayi<br>ñax, bu ma bëggee<br>xaddaat sama néeg. | ñax<br> | ñ |
| ڠ | Jëlal sa<br>ŋoosi-ŋoosi,<br>nu dem tool, beyi. | ŋoosi-ŋoosi<br> | ŋ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| پ<br>ب | Abal ma sa paaka, ma dagg soble si. | paaka<br> | p |
| | | naqar | q |
| | | raxas | r |
| ص | Ndax satala gi am na ndox? | satala<br> | s |
| ط | Solal say dàll, ngir dég bañ laa jam ci tànk. | tànk<br> | t |
| | | waaw | w |
| | | xam | x |
| | | yaay | y |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ڎ | نڎٰخْ مُ سِٜدَّ نگٖ بِ<br>نڎَا لِ. | نڎَا<br> | ند |
| ڮ | سٜخْنَ سِ اَم نَ ڎٰومْ،<br>نڲِنْتِٜ لِ ڲَنَّاو<br>سُبَ لَ. | نڲِنْتِٜ<br> | نگ |
| ج | يَلْ نَ نُ ڽَلَّ آرْ بِ<br>نجِيرِيرْ يِ رِٜنْ. | نجِيرِيرْ<br> | نج |
| | | جَنقّ | نق |
| ڿ<br>ڃ | فٛوّ مَ ڎٰلِّ فُڮِّ سَيِ<br>ڽَخْ، بُ مَ بْڲِّي<br>خَڎَّاتْ سَمَ نِيڲْ. | ڽَخْ<br> | ڽ |
| ڮ | ڿْلَلْ سَ<br>ۼُوسِ-ۼُوسِ،<br>نُ ڊِٜمْ ڽٰولْ، ٻِي. | ۼُوسِ-ۼُوسِ<br> | ۼ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| پ<br>ب | اَبَلْ مَ سَ پَاکَ، مَ<br>دَگّ شَبْلِ سِ. | پَاکَ<br> | پ |
| | | نَقَرْ | ق |
| | | رَخَسْ | ر |
| ص | ندَخْ سَتَلَ گِ اَمْ نَ<br>ندَخْ؟ | سَتَلَ<br> | س |
| ط | شَلَلْ سَيْ دَلّ، نگِرْ<br>دِگْ بَنْ لاَ جَمْ<br>بِ ثَنكّ. | ثَنكّ<br> | ت |
| | | وَاوْ | و |
| | | خَمْ | خ |
| | | يَايْ | ي |

Ci xët yi topp, dingeen gis ay leeral ci maaska yi. Foofu lañu bind maaska yu bees yi. Maaska gu ñu bëgga leeral, baatu misaal bu ãnd ak moom lañu ci tofal. Ci gannaawam lañu bind wax ju jëfandikoo baatu misaal bi. Bu ci amee ag maaska gu maaska gu bees wuutu, bind nañu gu jëkk ga itam. Boo xoolee baatu misaal bi ak waxam, dinga mana ràññee nooy waxe maaska gu nekk. Boo gisee ab maaska boo miinul, man nga ko seet fii.

| Maaska yu jëkk yi | Waxi misaal | Baati Misaal | Maaska yi |
|---|---|---|---|
| | Sunu aada mooy nu tudd liir yi ci seen juróom ñetteelu fan. | aada | aa |
| | Ndeysaan, dég gi jam na ma ci tànk. | jam | a |
| ـَ | Mbaa jàmm nga am? | jàmm | à |
| ـَ | Jënd naa ab tàngal. | jënd | ë |
| • | Sa mbubb mi rafet na, jekk na lool. | jekk | e |
| • | Lekk nañu ceeb bi yépp! | yépp | é |
| | Ren maa ngi bëgga ji gerte ak mboq ak dugub. | ji | i |
| ـُ | May ma ndox, ma naan. | ndox | o |
| ـُ | Bàyyil nelaw, jógal nga dem tool. | jógal | ó |
| | Awleen yoonu njub. | njub | u |

بِ خُتْ يِ ثَتِّ، دِنگِيـنْ گِـسْ اَيْ لِيـرَلْ بِ مَاسْکَ يِ. فُوفُ لَنُ بِندّ مَاسْکَ يُ ہِيسْ يِ. مَاسْکَ گُ نُ بْگّ لِيـرَلْ، بَـاتُ مِسَـالْ بُ أَنـدّ اَکْ مُـومْ لَـنُ تَ ثْفَـلْ. بِ گَنَّـاوَمْ لَـنُ بِنـدّ وَخْ جُ جْفَنْدِکْـو بَـاتُ مِسَـالْ بِ. بُ بِ اَمِـي اَگْ مَاسْـکَ گُ مَاسْـکَ گُ ہِيسْ وُوتُ، بِندّ نَنُ گُ جْکّ گَ اِتَمْ. ہُو خُولِي بَاتُ مِيسَلْ بِ اَکْ وَخَمْ، دِنگَ مَنَ زِنِّي نُويْ وَخِ مَاسْکَ گُ نِکّ. ہُو گِسِي اَبْ مَاسْکَ ہُو مِينُلْ، مَنْ نگَ کَ ہِسِيتْ فِي.

| مَاسْکَ يِ | بَاتِ مِسَالْ | وَخِ مِسَالْ | مَاسْکَ يُ جْکّ يِ |
|---|---|---|---|
| ـٓ | آدَ | سُنُ آدَ مُويْ نُ تُدّ لِيرْ يِ بِ ہِسِينْ جُرْومْ يِتِّيلُ فَنْ. | |
| ـَ | جَمْ | ندِيْسَانْ، دِگْ گِ جَمْ نَ مَ بِ ثَنکّ. | |
| ـٹ | جَمّ | مبَا جَمّ نگَ اَمْ؟ | ـَ |
| ـه | جْندّ | جْندّ نَا اَبْ ثَنگَلْ. | ـَ |
| ـٖ | جِکّ | سَ مبُبّ مِ رَفِتْ نَ، جِکّ نَ لُولْ. | • |
| ـٖد | يِپّ | لِکّ نَنُ ہِيبْ بِ يِپّ! | • |
| ـِ | جِ | رِنْ مَا نگِ بْگّ جِ گِرْتِ اَکْ مبْقْ اَکْ دُگُبْ. | |
| ـٖ | ندٰخْ | مَيْ مَ ندٰخْ، مَ نَانْ. | ـو |
| 6 | جْگَلْ | بْيِّلْ ہِلَوْ، جْگَلْ نگَ دِمْ ثُولْ. | ـو |
| ـو | نجُبْ | اَوْلِينْ يُونُ نجُبْ. | |